




Disability Rights Florida te tabli nan lane 1977 kòm sistèm pwoteksyon epi pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) pou moun ki gen andikap nan Florida. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, epi siskè moun ki gen andikap.



DEFANN ENTERÈ PESONÈL OU YO ENPÒTAN ANPIL POUTÈT LI KITE LÒT MOUN KONNEN TOUT MOUN GEN DWA NAN LAVI, AN KONTAN MOUN KI GEN ANDIKAP.

Lè w yon otodefansè, li ede lòt moun konprann se dwa w pou lèzot trete w avèk respè epi diyite. Sa se miyè jan pou w fè konnen sa w bezwen epi pou lèzot tande w.

Li kritik pou sante w epi byennèt ou pou w gen yon bon konpreyansyon sou sa ki gen enpòtans pou ou. Pou rive fè sa, se pou w devlope konpetans otodefans ki solid. Pran tan pou w idantifye pwen fò epi feblès ou yo. W ap gen pou w detèmine kisa w kapab fè poukont ou epi ki aktivite jounalye ki gendwa egzije èd oubyen sipò siplemantè. Pare pou w idantifye egzakteman sa w bezwen, kiyès pou w mande sa w bezwen.



Disability Rights Florida se yon sosyete san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, gade nan www.disabilityrightsflorida.org/funders. Enfòmasyon ki la pa yon reprezantasyon jidisyè e l pa konsèy nonplis.

Disability Rights Florida
2473 Care Drive, Suite 200
Tallahassee, Florida 32308
800-342-0823 | TTY: 800-346-4127
www.DisabilityRightsFlorida.org



Dis etap pou yon otodefans efikas

Enfòmasyon sou otodefans pou moun ki gen andikap



Dis etap pou yon otodefans efikas



1 PRIYORIZE SA W BEZWEN
Ki objektif yo nan matyè otodefans lan?
Repons ou bay pou kesyon annapre yo pral ede w decide ki pwochen etap pou w pran.

2 KONNEN DWA OU GENYEN
Se tout dwa w pou w konprann lwa ki detèmine dwa ou genyen yo. Ou gen dwa tou pou w resevwa enfòmasyon nan lang manman w epi nan fòm altènatif.

3 KENBE DOSYE
Li kritik pou w konsève dosye ki presi. Asire ou kenbe dokiman enpòtan yo yon kote ki sekirize.

4 PARE EPI PLANIFYE
Anvan yon reyinyon, reflechi sou sa w bezwen, egzamine dokiman ou yo epi pale avèk moun ou fè konfyans pou l ede w pare.

5 SE POU W KREYATIF EPI ASÈTIF
Asire ou kenbe konvèsasyon an kout epi dirèk. Kite konnen lè w pa dakò epi kolabore pou jwenn miyè solisyon pou ou.

6 DESIZYON ALEKRI
Kenbe tout dokimantasyon sou pwogrè w ap fè. Si w dakò yon desizyon, mande pou w gen desizyon an alekri.

7 DWA DAPÈL
Si w pa resevwa yon desizyon ou dakò pou li, ou gen dwa pou w konteste desizyon an.

8 SOLISYON PWOVIZWA
Pandan w ap tann yon desizyon sou ka w la, anvizaje lòt opsyon apati resous ki disponib pou ede w antretan.

9 KONFIME EPI SIYEN DOKIMAN YO
Revwa tout akò yo epi atik aksyon yo pou asire tout moun ki konsène gen menm enfòmasyon yo, epi inikman siyen sa w aksepte.

10 SUIVI EPI REMÈSIMAN
Rete okouran dat limit epi kominikasyon. Pa bliye remèsye moun ki te ede w nan pwosesis sa a.



JWENN PLIS ENFÒMASYON SOU DIS ETAP YO NAN:
www.DisabilityRightsFlorida.org/10Steps

DEMANN POU ÈD KOUTFIL GRATIS: 800-342-0823
TTY: 800-346-4127
ANLIY: www.DisabilityRightsFlorida.org/intake

Sèvis yo gratis epi konfidansyèl.